# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 सितम्बर 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु किर्गिस्तान क राजधानी बिश्केक में शंघाई सहयोग संगठन क छब्बीसवां शिखर सम्मेलन के संबोधित कइलें। येह मौका पर उहां के सज्जो सदस्य देसन से आतंकवाद क वित्तपोसण, आतंकवादियन क भरती, कट्टरपंथ अउर सुरक्षित पनाहगारन के सज्जो तंत्र के ध्वस्त कइले क आवाहन कइलें। प्रधानमंत्री कहलें कि आतंकवाद पर दोहरा मापदंड खातिर कउनों जगहि नाही हवे। ब्यौरा हमरे संवाददाता से–

***शंघाई सहयोग संगठन के शिखर सम्मेलन को संबोधित करते हुए प्रधानमंत्री मोदी ने विश्व के विभिन्न भागों में जारी संघर्षों पर चिंता व्यक्त करते हुए कहा कि युद्ध और संघर्ष किसी समस्या का समाधान नहीं हैं तथा सभी विवादों का समाधान संवाद और कूटनीति के माध्यम से किया जाना चाहिए। प्रधानमंत्री ने कहा कि भारत उन सभी प्रयासों का समर्थन करता है, जो बाजारों को जोड़ते हैं, व्यापार को सुगम बनाते हैं और विकास के नए रास्ते खोलते हैं। हालांकि, इन प्रयासों में सभी देशों की संप्रभुता और क्षेत्रीय अखंडता का सम्मान करना अत्यंत आवश्यक है। श्री मोदी ने कहा कि पिछले वर्ष भारत ने शंघाई सहयोग संगठन सभ्यता संवाद मंच का प्रस्ताव रखा था। उन्होंने प्रसन्नता व्यक्त की कि इसका पहला सत्र इस वर्ष भारत में आयोजित किया जाएगा। विकल्प शुक्ला, आकाशवाणी समाचार, बिश्केक।***

आजु किर्गिस्तान में भइल शिखर सम्मेलन के बादे शंघाई सहयोग संगठन क सदस्य देसन के नेता लोगि बिश्केक घोसणा पत्र पर दस्खति कइलें।

**********

वित्त बरिस दुइ हजार छब्बीस–सत्ताइस क पहिलका तिमाही में भारत क सकल घरेलू उत्पाद–जीडीपी वृद्धि दर सात दसमलव आठ फीसदी रहल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सकल घरेलू उत्पाद में बढ़ोत्तरी के देसवासियन क मेहनति आ सामूहिक संकल्प क नतीजा बतवले हवें। आजु सोसल मीडिया पर एगो वीडियो साझा करत श्री मोदी कहलें कि वैस्विक अस्थिरता जइसन चुनौतियन के बवजूद भारत तेजी से आगे बढ़ि रहल हौ।

***देशवासियों को मैं बधाई देता हूं, उनके संकल्प शक्ति के लिए, उनके पुरूषार्थ के लिए, एक सामूहिक शक्ति का प्रतिबिंब है। दुनिया युद्ध में डुबी हुई है। चारों तरफ युद्ध की खबरें आ रही हैं। विश्व संकटों से घिरा हुआ है। सप्लाई चेन बुरी तरह से डिस्टर्ब है। 2020 में कोविड काल से लेकर अब तक कहीं पर भी स्थिरता नजर नहीं आ रही। उसके बावजूद भी भारत तेज गति से प्रगति कर रहा है।***

**********

श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क बइठकी बिहने मणिरामदास छावनी में होई। दुइ गो फेरा में प्रस्तावित येह बइठकी में ट्रस्ट क महासचिव अउर रिक्त सदस्य पदन के ले के चरचा होई। एकरे सथहीं श्रीराम जन्मभूमि मंदिर ट्रस्ट के सीईओ पदो के ले के फैसिला भइले क सम्भावना बा। ट्रस्ट क सदस्य महंत दिनेंद्रदास बतवलें कि बइठकी में सज्जो मुद्दा पर ट्रस्ट के सदस्यन क सहमति के आधार पर फैसिला लिहल जाई।

**********

मैनपुरी से खाटूश्याम अउर वृन्दावन दरसन करे गइल सरधालुअन से भरल एगो गाड़ी आजु हरियाणा के पलवल में दुरघटनाग्रस्त हो गइल। ई हादसा में गाड़ी में बइठल छौ गो सरधलुअन क मउति हो गइल, ओहीं चउदह सरधालु घाही हो गइलें। दुरघटना आजु भिन्नहीं ओह समय भइल जब पलवल के लग्गे केएमपी एक्सप्रेस–वे पर सरधालुअन क गाड़ी सड़कि के किनारे खड़ा ट्रक से लड़ि गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह दुर्घटना पर दुख जतवले हवें अउर घाही सरधालुअन के उचित इलाज क निरदेस दिहले हवें।

**********

नेपाल में भयंकर बाढ़ि से मरे वालन क संख्या बढ़ि के नौ सौ सतासी हो गइल हौ। काठमांडू क भारतीय दूतावास नेपाल में बाढ़ि पीड़ितन के शवन क पहिचान आ अपने देस वापसी से जुड़ल जनकारी साझा कइले हवे। दूतावास कहले हवे कि जो त रिस्तेदार आ परिवार क सदस्य नेपाल पुलिस क वेबसाइट पर मौजूद फोटो अउर विवरण के जरिया से शवन क पहिचान कइ पावें त दूतावास शवन के सउंपे अउर अपने देस ले आवे बदे स्थानीय अधिकारियन के साथे तालमेल बनवले में सहायता करी।

**********

प्रदेस में हो रहल बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़इले के नाते कई गो जिला क करीब एक लाख सत्तर हजार से बेसी आबादी बाढ़ि से परभावित हौ। बनारस में लगतारे हो रहल बरखा के बिच्चे गंगा नदी आजु खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ। जेहसे गंगा के किनारे बसल कइ गो इलाकन में पानी घरन ले पहुंचि गइल हौ। एसीपी दशाश्वमेध घाट अतुल अंजान त्रिपाठी बतवलें कि प्रसासन बाढ़ि राहत चौकी बनवले हवे, सथहीं ड्रोनो से हालति क निगरानी कइल जा रहल हौ।

प्रयागराजो में  गंगा अउर यमुना के जलस्तर में लगतारे बढ़ोत्तरी हो रहल हौ। ओहर, चित्रकूट में रामघाट पर मंदाकिनी नदी क जलस्तर खतरा के चीन्हा के उप्पर पहुंचि गइल हौ। ओहीं, यमुना नदी क जलस्तर लगतारे बढ़ले से राजापुर अउर मऊ क दरजनों गांव बाढ़ि के चपेटा में बा।

**********